Искусствэм ицІыфхэр

# ГукІэ хихыгъэр къетэжьы

Зэлъашlэрэ сурэтышl-модельерэу, Адыгэ Республикэм культурэмкlэ изаслуженнэ lофышlэу Стlашъу Юрэ илэпэlэсэныгъэ осэшхо фашlызэ къыфатхэрэр бэ.






Санкт-Петербург кlэлэегъаджэу lоф щызышlэрэ Тамара Герасименкэр Мыекъуапэ къызэкlом, музейхэм якъэгъэлъэгъонхэм яплъыгъ, Къокlыпlэм щыпсэурэ лъэпкъхэм яискусствэкlэ Къэралыгъо музеим и Темыр-Кавказ къутамэ иlофышlэхэм аlукlагъ.

Стlашъу Юрэ иlофшlагъэ зызыщегъэгъуазэм, нэрылъэгъу lэпыlэгъухэм, тхылъэу къыхаутыгъэхэм яхьылlагъэ къэбархэр ыугъоигъэх. Санкт-Петербург Т. Герасименкэм зегъэзэжьым, Ю. Стlашъум итворчествэ фэгъэхьыгъэ зэlукlэгъухэр еджапlэм щызэхищагъэх. Зэхахьэм хэлэжьагъэхэр Стlашъу Юрэ къыфэтхагъэх, «тхьауегъэпсэу» къыраlожьыгъ.

«Через дизайн к миру. В мире мифов и реальности» зыфиlорэ тхылъэу Мыекъуапэ 2020-рэ илъэсым къыщыдэкlыгъэр Санкт-Петербург икlэлэеджакlохэм -Ю. Стlашъум шlухьафтын афишlыгъ.

Тхылъым Ю. Стlашъум ищыlэныгъэ, лъэпкъ искусствэм, мамыр щыlакlэм игъэдэхэн зэрафэлажьэрэр къеlуатэ. ЮНЕСКО-м, США-м, Японием, Тыркуем, Германием, Урысыем ишъолъырхэу тилъэпкъэгъухэр зыщыпсэухэрэм, фэшъхьафхэм алъыlэсыгъэ тхылъыр шъо зэфэшъхьафхэмкlэ гъэкlэрэкlагъэ.

Мыгъэ Урысыем щыпсэурэ лъэпкъхэм яискусствэрэ якультурэрэ кlэнрэ я Илъэс. Лъэпкъ театрэхэм я Дунэе фестивалъ, академическэ музыкэм и Дунэе фестивалъ, нэмыкl lофтхьабзэхэу Адыгеим щыкlуагъэхэм Стlашъу Юрэ ахэлэжьагъ, нэбгырабэмэ аlукlагъ.



Д. С. Лихачевым ыцlэ зыхьэу «Институт Наследия» зыфиlоу Краснодар дэтым икъулыкъушlэхэм ацlэкlэ Александр Гуцаловымрэ Елена Третьяковамрэ Стlашъу Юрэ къыфатхыгъэм къыщеlо лъэпкъ пэпчъ цlыф цlэрыlохэр зэриlэхэр.

Авархэм Расул Гамзатовыр, чэчэнхэм Махьмуд Эсамбаевыр, киргизхэм Чингиз Айтматовыр, абхъазхэм Баграт Шинкубэ, бэлъкъархэм Къайсын Кулиевыр, къалмыкъхэм Давид Кугультиновыр, казаххэм Абай Кунанбаевыр... Адыгэхэм цlыф цlэрыlуабэ яl. Зигугъу ашlыхэрэм Стlашъу Юрэ ахалъытэ. Илъэпкъ, ихэгъэгу шlугъэлъоу афырилэр иlофшlагъэ къыщегъэлъагъо.

Александр Гуцаловымрэ Елена Третьяковамрэ Ю. Стlашъум ыныбжь илъэс 91-рэ зэрэхъугъэм фэшl къыфэгушlуагъэх, имурадхэр къыдэхъунхэу фаlуагъ.

Къокlыпlэм щыпсэурэ лъэпкъхэм яискусствэкlэ Къэралыгъо музеим и Темыр Кавказ къутамэ Стlашъу Юрэ щэлажьэ, исэнэхьат фэшъыпкъ.

— *Зэкlэ къысфэгушlуагъэхэм, ти Лlышъхьэу Къумпlыл Мурат, Правительствэм, Парламентым, сиlофшlэгъухэм сафэраз. lэпыlэгъу къызэрэсфэхъухэрэм ишlуагъэкlэ сигуетыныгъэ хэхъо. Искусствэм ыбзэ гурыlогъошlу. Лъэпкъым итарихъ, икультурэ къырелотыкlых,* — **къытиlуагъ Стlашъу Юрэ.**



Къатхэхэрэм яшlошlэ редакцием иеплъыкlэхэмрэ зэтемыфэнкlэ алъэкlыщт.

НэкlубгъоР зыгъэхьазырыгъэр ЕМТlЫЛЪ Нурбый.



*Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхорэ сурэтышI-модельер IэпэIасэу мастэмрэ Iуданэмрэ «зиIэшэ» СтIашъу Юрэ ищытхъу чыжьэу нэсыгъ, дунаим ар цIэрыIо щыхъугъ, иIофшIагъэхэр хэгъэгубэмэ ащалъэгъугъ. Мамырныгъэр зыгъэлъэпIэрэ, иIофшIагъэхэмкIэ ащ игъэпытэн зиIахьышIу хэзылъхьэрэ лъэпкъ IэпэIасэм республикэм итын анахь лъапIэхэр къыфагъэшъошагъэх. Ар искусствэм зигъашIэ езытыгъэ цIыф. Тинахьыжъ лъапIэ фэгъэхьыгъэ тхыгъэр я 5-рэ нэкIубгъом къыщыхэтэуты.*

Искусствэм ицIыфхэр

# Тыгъэр мамырэу къытфепсы

Искусствэм гукIэ хэщагъэу псэурэ сурэтышI-моделер цIэрыIоу СтIашъу Юрэ мамыр щыIакIэм игъэпытэн фэгъэхьыгъэ дунэе Iофыгъохэм чанэу ахэлажьэ.

Мастэр, Iудэнэр, шэкIыр зэригъэкIухэзэ, игупшысэхэр дунэе гумэкIыгъохэм арепхы. Адыгэ шъуашэхэр, тхыпхъэхэр, лIэкъо тамыгъэхэр, нэмыкIхэр ешIых. Тыкъэзыуцухьэрэ чIыопсым идэхагъэ, тыгъэу къепсырэм инэбзыйхэр къызэрэтлъыIэсхэрэм, тарихъым, лъэпкъ шэн-хабзэхэм къалкъырыкIырэ еплъыкIэхэр искусствэ лъагэм ыбзэкIэ къегъэлъагъох.

Унагъом ищыIакIэ, лъэпкъым къыкIугъэ гъогум, хэгъэгум ипсэукIэ анахьэу къыдыхигъэщырэр дунаим мамырныгъэр щыгъэпытэгъэныр ары.

«ООН-м игамыгъэ шъуаш», «Кавказым итыгъэ игумэкIыгъохэр», «ЩэIагъэ», «ТекIоныгъэм исаугъэт», нэмыкI шъуашэхэу мамырныгъэм игъэпытэн фэгъэхьыгъэхэм тарихъым инэкIубгъохэр къызэIуахых. Сэу «Адыгэ Республикэм» лъэпкъым ихэхъоныгъэхэр къегъэлъагъох. Адыгеир республикэ хъугъэ, ыгъэпытэу теуцуагъ. Сэу «Нэфытъ бзыурнэпэрэ щыIакIэм дешIэ, пшъашъэу ар зыщыгъыр кIэракIэ. Олимпиадэ джэгунхэу Шъачэ щыкIуагъэхэм афэгъэхьыгъэ шъуашэхэр, тхыпхъэхэр лъэпкъ искусствэр зыгъэбаихэрэм ащыщых.







## ЮНЕСКО-р къыщытхъугъ

СтIашъу Юрэ илъэс 90-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэу Мыекъуапэ къыщыдагъэкIыгъэ тхылъэу «Через дизайн к миру. В мире мифов и реальности» зыфиIорэм ехьылIагъэхэр тигъэзет къыщыхэтыутыгъэх. Тхылъыр Урысыем ищыIэтырхэм, США-м, Германием, Тыркуем, ЮНЕСКО-м, нэмыкIхэм алъыIэсыгъ. ЮНЕСКО-м ипащэ мэщIэкIэ Рикардо де Гемараес Пинто гуфэбэныгъэ хэлъэу къытхъожьыгъэм къыщеIо СтIашъу Юрэ дунэе Iофыгъохэр щыIэныгъэм зэрэщыпхыришъхэрэр.

— ЮНЕСКО-м къыратхыкIыгъэм теджагъ, тигъэгушхуагъ. Гъэзетеджэхэр ащ нахь игъэкIотыгъэу щыдгъэгъуазэхэ тшIоигъу, — къытаIуагъ общественнэ IофышIэшхохэу, Дунэе Адыгэ Хасэм иIофышIэн чанэу хэлажьэхэрэ Мэщфэшъу Нэджэтрэ ЩыкIушъо Асльанрэ. — Тхылъым илъэтегъэуцо тыхэлэжьагъ. СтIашъу Юрэ шIум, дахагъэм, мамыр щыIакIэм игъэпытэн язэхьакIу, философие гупшысэ ин хэлъ, Адыгэ Республикэм щытхъоу фаIорэм хегъахъо...

Тарихъым, лъэпкъ шэн-хабзэхэм, хьугъэ-шIагъэхэм адиштэрэ IофшIагъэхэр щыIэныгъэм «къыщегъэгущыIэх». «Планета информаций» зыфиIорэр журналистхэм ящыIакIэ ехьылIагъ. Гъэзетхэу «Адыгэ макъэм», «Советскэ Адыгейм», нэмыкIхэм ащIэхэр хидзэкIыгъэх. Журналистхэм яшIуагъэкIэ щыIэныгъэм ихъугъэ-шIагъэхэр цIыфхэм агъэлъэгъон зэралъэкIырэр Ю. СтIашъум итворчествэ къыщыхэгъэщы.

## Дунаим шашIэ

Экономикэм фэгъэхьыгъэ зэхахьэм, Олимпиадэ джэгунхэу Шъачэ щыкIуагъэхэм якультурнэ Iофыгъохэм СтIашъу Юрэ ахэлэжьагъ, адыгэ шъуашэу ышIыгъэхэр къыщагъэлъэгъуагъэх, нэбгырэ мин пчъагъэ еплъыгъ.

Адыгэ шъуашэм идэхагъэ зэхахьэхэм, Олимпиадэ джэгунхэм ащызыщыгъэгъуазэхэм ащыщ Урысыем и Президентэу Владимир Путиныр. Президентыр зэлъашIэрэ ансамблэу «Налмэсым» иартистхэм ахэтэу нэпэеплъ сурэтэу атырахыгъэхэр дунаим Интернетымкiэ щашIагъэх, гъэзетхэм къыхаутыгъэх.

СтIашъу Юрэ къызэыхъугъэ мафэм тефэу адыгэ шъуашэм и Мафэ Адыгэ Республикэм, къош республикэхэм, IэкIыб хэгъэгухэм ащыхагъэунэфыкIы.

— Искусствэм цIыфхэр нахь зэпэблагъэ ешIых, — къытиIуагъ СтIашъу Юрэ. — ЮНЕСКО-м ащ мэхьанэшхо реты. Тхылъыр къыдэзыгъэкIыгъэхэм, сиIофшIагъэ уасэ фэзышIыгъэхэм, зэкIэми сафэраз. Сиунагъо, синыбджэгъухэм ащIэкIэ «тхьашъуегъэпсэу» ясэIожьы.

Къэралыгъо гъэпсыкIэ иIэу Адыгеир зыпсэурэр илъэси 100 зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ IофшIагъэхэр СтIашъу Юрэ шIэхэу къыгъэлъэгъощтых. Лъэпкъым гъогу къинэу къыкIугъэр, искусствэ Ю. СтIашъум зэрегъэпщэх, зэфэхьысыжьхэр ешIых.

Ти ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат экономикэр къэIэтыгъэным, культурэм, спортым хэхъоныгъэ ашIыным зэрапылъым Ю. СтIашъур егъэгушхо. КъокIыпIэм щыпсэурэ лъэпкъхэм искусствэхэмкIэ я Къэралыгъо музей и Темыр-Кавказ къутамэ Iоф щишIэзэ, лъэпкъ искусствэр дунаим нахьышIоу щарегъашIэ. Мамыр псэукIэр ыгъэдахэ зэрэшIоигъор, культурэм гъунапкъэ зэримыIэр ыгу рихьырэ сэнэхьатым къыщегъэлъагъо.

Мы мафэхэм СтIашъу Юрэ анахьэу зыгъэгумэкIхэрэм къатегущыIэзэ, Донецкэ, Луганскэ народнэ республикэхэм ялсэукIэ ынэгу кIэкIырэп. ГущыIабэ къымыIоу иIофшIагъэхэм яплъы, зэкIэми мамырэу къафепсырэ тыгъэм инэплъэгъу фегъазэ. «Донбасс мамырэу щыIэ сшIоигъу. Владимир Путиным десэгъашIэ, ар чыжьэу маплъэ...», — къыIуагъ СтIашъу Юрэ.

СурэтышI-моделерэу СтIашъу Юрэ Адыгэ Республикэм культурэмкIэ изаслуженнэ IофышI, медалэу «Адыгеим и Щытхъузехьэр», АР-м и Парламент итын анахь лъапIэу «Закон. Пшъэрылъ. ЦIыфыгъ» зыфиIорэр къыфагъэшъошагъэх, республикэмкIэ мамырныгъэм и Лигэ илауреат, республикэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» игъэцэкIэкIо куп хэт, Адыгэ Хасэм и Щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ.

Дунаим щыцIэрыIо лъэпкъ IэпэIасэу СтIашъу Юрэ иIофшIагъэхэр хэгъэгубэмэ къащагъэлъэгъуагъ. Тыгъэм инэфылъхэм къадэущыхэ шIушIагъэу иIэр лъэгъэкIуатэ.

*ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*



Искусствэм ицIыфхэр

# Тыгъэр мамырэу къытфепсы

Искусствэм гукIэ хэщагъэу псэурэ сурэтышI-модельер цIэрыIоу СтIашъу Юрэ мамыр щыIакIэм игъэпытэн фэгъэхьыгъэ дунэе IофыгъохэмIэм чанэу ахэлажьэ.

Мастэр, Iудэнэр, шэкIыр зэригъэкIухьэ, игупшысэхэр дунэе гумэкIыгъохэм арепхы. Адыгэ шъуашэхэр, тхылъхэр, лIэкъо тамыгъэхэр, нэмыкIхэр ешIых. ТыкъэзыуцухьэрэчIыопсым идэхагъэ, тыгъэу къепсырэм инэбзыйхэр къызэрэтлъыIэсхэрэм, тарихъым, лъэпкъ шэн-хабзэхэм къалкъырыкIырэ еплъыкIэхэр искусствэ пъагэм ыбзэкIэ къегъэлъагъох.

Унагъом ищыIакIэ, лъэпкъым къыкIугъэ гъогум, хэгъэгум ипсэукIэ анахьэу къащыхигъэщырэр дунаим мамырныгъэр щыгъэпытэгъэныр ары.

«ООН-м итамыгъэ шъуаш», «Кавказым игъыгъэ игумэкIыгъохэр», «ЩэIагъэ», «ТекIоныгъэм исаугъэт», нэмыкI шъуашэхэу мамырныгъэм игъэпытэн фэгъэхьыгъэхэм тарихъым инэкIубгъохэр къызэIуахых. Саеу «Адыгэ Республикэм» лъэпкъым ихэхъоныгъэхэр къегъэлъагъох. Адыгеир республикэ хъугъэ, ылъэ







пытэу теуцуагъ. Саеу «Нэфылъ бзыурнепэрэ щыIакIэм дештэ, пшъашъэу ар зыщыгъыр кIэракIэ. Олимпиадэ джэгунхэу Шъачэ щыкIуагъэхэм афэгъэхьыгъэ шъуашэхэр, тхылъхэр лъэпкъ искусствэр зыгъэбаихэрэм ащыщых.

## ЮНЕСКО-р къыщытхъугъ

СтIашъу Юрэ илъэс 90-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэу Мыекъуапэ къыщыдагъэкIыгъэ тхылъэу «Через дизайн к миру. В мире мифов и реальности» зыфиIорэм ехьылIагъэхэр тигъэзет къыщыхэтыутыгъэх. Тхылъыр Урысыем ищыпIыпIэхэм, США-м, Германием, Тыркуем, ЮНЕСКО-м, нэмыкIхэм алъыIэсыгъ. ЮНЕСКО-м ипащэ шъхьаIэу Рикардо де Гемараес Пинто гуфэбэныгъэ хэлъэу къытхыжьыгъэм къыщеIо СтIашъу Юрэ дунэе Iофыгъохэр шъыIэныгъэм зэрэщыпхырищыхэрэр.

— ЮНЕСКО-м къыратхыкIыгъэм теджагъ, тигъэгушхуагъ. Гъэзетеджэхэр ащ нахь игъэкIотыгъэу щыдгъэгъуазэхэ тшIоигъу, — къытаIуагъ общественнэ IофышIэшхоу, Дунэе Адыгэ Хасэм иIофышIэн чанэу хэлажьэхэрэ Мэщфэшъу Нэджэтрэ ЩыкIуашъо Аслъанрэ. — Тхылъым игъэтегъэуцо тыхэлэжьагъ. СтIашъу Юрэ шIум, дэхагъэм, мамыр щыIакIэм игъэпытэн яхьылIагъэу, философие гупшысэ ин хэлъ, Адыгэ Республикэм щытхъоу фаIорэм хегъахъо...

Тарихъым, лъэпкъ шэн-хабзэхэм, хъугъэ-шIагъэхэм адиштэрэ IофшIагъэхэр щыIэныгъэм «къыщегъэгущыIэх». «Планета информаций» зыфиIорэ журналистхэм яшIыкIэ ехьылIагъ. Гъэзетхэу «Адыгэ макъэм», «Советскэ Адыгеим», нэмыкIхэм ащ къэбархэр къарахыгъэх. Журналистхэм яшIуагъэкIэ щыIэныгъэм хъугъэ-шIагъэхэр цIыфхэм алъагъэIэсых зэрагъэшIэжьырэр Ю. СтIашъум итворчествэ къыщыхэгъэщы.

### Дунаим шапIэ

Экономикэм фэгъэхьыгъэ зэхахьэм, Олимпиадэ джэгунхэу Шъачэ щыкIуагъэхэм якультурнэ IофыгъохэмIэ СтIашъу Юрэ ахэлажьагъ, адыгэ шъуашэу ышыгъэхэр къыщагъэлъэгъуагъэх, нэбгырэ мин пчъагъэ еплъыгъ.

Адыгэ шъуашэм идэхагъэ зэхахьэхэм, Олимпиадэ джэгунхэм ащыхэлъэгъуагъэхэм ащыщ Урысыем и Президентэу Владимир Путиныр. Президентыр зэлъашIэрэ ансамблэу «Налмэсым» иартистхэм ахэтэу нэпэеплъ сурэтэу атырахыгъэхэр дунаим ИнтернетымкIэ щашIагъэх, гъэзетхэм къыхаутыгъэх.

СтIашъу Юрэ къызыхъугъэ мафэм тефэу адыгэ шъуашэм и Мафэ Адыгэ Республикэм, къош республикэхэм, IэкIыб хэгъэгухэм ащыхагъэунэфыкIы.

— Искусствэм цIыфхэр нахь зэпэблагъэ ешIых, — къытиIуагъ СтIашъу Юрэ. — ЮНЕСКО-м ащ мэхьанэшхо реты. Тхылъыр къыдэзыгъэкIыгъэхэм, сиIофшIагъэ уасэ фэзышIыгъэхэм, зэкIэми сафэраз. Сиунагъо, синыбджэгъухэм ащкIэ «тхьашъуегъэпсэу» ясэIожьы.

Къэралыгъо гъэпсыкIэ иIэу Адыгеир зыпсэурэр илъэси 100 зэрэхъурэм фэгъэхьыгъэ IофшIагъэхэр СтIашъу Юрэ шIэхэу къыгъэлъэгъощтых. Лъэпкъым гъогу къинэу къыкIугъэр, искусствэ Ю. СтIашъум зэрегъэлъашэх, зэфэхьысыжьхэр ешIых.

Ти ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат экономикэр къэIэтыгъэным, культурэм, спортым хэхъоныгъэ ашIыным зэрапылъым Ю. СтIашъур егъэгушхо. КъокIыпIэм щыпсэурэ лъэпкъхэм искусствэхэмкIэ я Къэралыгъо музей и Темыр-Кавказ къутамэ Iоф ышIэзэ, лъэпкъ искусствэр дунаим нахьышIоу щарегъашIэ. Мамыр псэукIэр мыгъэдахэ зэрэщыIоигъор, культурэм гъунапкъэ зэримыIэр ыгу рихырэ сэнэхьатым къыщегъэлъагъо.

Мы мафэхэм СтIашъу Юрэ анахьэу зыгъэгумэкIхэрэм къатегущыIэзэ, Донецкэ, Луганскэ народнэ республикэхэм ипсэукIэ ынэгу кIэкIырэп. ГущыIабэ къымыIоу иIофшIагъэхэм яплъы, зэкIэми мамырэу къафепсырэ тыгъэм инэплъэгъу фегъазэ. «Донбасс мамырэу щыIэ сшIоигъу. Владимир Путиным десэгъашIэ, ар чыжьэу маплъэ...», — къыIуагъ СтIашъу Юрэ.

СурэтышI-модельерэу СтIашъу Юрэ Адыгэ Республикэм культурэмкIэ изаслуженнэ IофышI, медалэу «Адыгеим и Щытхъузехьэр», АР-м и Парламент итын анахь лъапIэу «Закон. Пшъэрылъ. Шъыпкъэ» зыфиIорэр къыфагъэшъошагъэх, республикэмкIэ мамырныгъэм и Лигэ илауреат, республикэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» илъэцIыкIэкIо куп хэт, Адыгэ Хасэм и Щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ.

Дунаим щыцIэрыIо лъэпкъ IэпэIасэу СтIашъу Юрэ иIофшIагъэхэр хэгъэгубэмэ къащегъэлъэгъуагъ. Тыгъэм инэфылъхэм къадэуцуэзэ шIушIагъэу иIэр тегъэкIуатэ.

ЕМТIЫЛЬ Нурбый.



# Мамырныгъэм инэпэеплъэу




**Щынэ зымышlэрэ Лащын, нарт лlыхъужъэу Саусэрыкъо, синдхэм япачъыхьэу Гекатей, ащ ишъхьэгъусэу Тыргъэтао, бзылъфыгъэ-дэзкlолlэу, пачъыхьэ гуащэу Риневус яшъуашэхэр зэлъашlэрэ lэпэlасэу Стlашъу Юрэ иколлекцие хэтых. Мыхэм непэ ягугъу къэтшlынэу зыкlэхъурэр дэзкlолl шъуашэхэшъ ары.**

Лlыгъэрэ псэемыблэжьныгъэрэ къахэщы, зыщызыгъэрэр орэхъугъфыгъ, орэбзыгъфыгъ ищыlэныгъэ шъыпкъагъэм, зэфэныгъэм, мамырныгъэр къэухъумэгъэным апэlуигъэхьанэу хъазыр. Ары мыхэм тарихъэу апытыри.

Сурэтышl пэпчъ ежь зыщыщ лъэпкъым ыпашъхьэ пшъэдэкlыжь ин щехы. Стlашъу Юрэ ар ыгукlи, ыпсэкlи зэхишlэзэ итворческэ гъогу рыкlуагъ. Ащ иlэшlагъэхэм осэ ин къафашlыгъ Д. Лихачевым ыцlэ зыхьырэ институтэу лъэпкъ кlэным дэлажьэрэм иlофышlэхэм. lэпэlасэм къыфатхыгъэ рэзэныгъэ тхылъым мыщ фэдэу къыщеlо: «Узыщыщ лъэпкъым, къэралыгъом, зэрэдунаеуи тштагъэми, шlулъэгъуныгъэ зэрафыуиlэм уиlэшlагъэхэр яшыхьат. Уишъуашэхэм гупшысэ къабзэр ахэлъ. Лъэпкъ шэн-хабзэр ахэолъэгъукlы. Кавказыр, адыгэ ыкlи нэмыкl цlыф лъэпкъыбэу тикъэралыгъо щыпсэухэрэр къыпфэрэзэнхэ фае уиlэшlагъэхэмкlэ лъэпкъ зэхашlэр зэрэбгъэбаирэм, дунаим дэхагъэр, мамырныгъэр, зэгурыlоныгъэр зэрапхырыпщырэм апае».

lэпэlасэм лъэпкъ культурэм иобразхэмрэ исюжетхэмрэ итворчеахэм ятеплъэ изакъоп. Цlыф лъэпкъым итарихъ зэщызыгъэкъорэ кlочlэ бзаджэм зэрэфырикъущтым ицыхьэ телъэу ащ пэуцунэу щыlэ амалхэр иlэшlагъэхэмкlэ къегъэлъагъох. Адыгэ лъэпкъ шъуашэу ышlыхэрэм зэкlэми лъэпкъым къырыкlогъэ гъогур ахэолъэгъукlы. Философие гупшысэ куу ахэлъ. Лъэхъаными рэ пlэужхэмрэ зэрепхых, ахэр зэрэзэдэлажьэхэрэр, гущыlэгъу зэрэзэфэхъухэрэр къегъэлъагъо, шъхьафитхэу, щынэр амышlэу непэрэ дунаим хегъахьэх, лъэбэкъу пытэхэр арегъэдзых.

Стlашъу Юрэ ищыlэныгъэкlи итворчествэкlи къыздэджэрэр зы — лъэпкъхэм культурнэ зэфэшъхьафэу еплъыкlэхэр зэфырялэныр, ялъэпкъ кlэн къаухъумэныр, мамырзехьэ хъунхэр ары. Лъэпкъ пэпчъ зыми хэмыкlокlэрэ нэшанэ гъэнэфагъэу хэлъхэр къызэтырагъэнэжьынхэу дунаим тет цlыф пстэуми ар къядже.

Юрэ итворчествэ нэlуасэ фэхъухэрэм гуетыныгъэ къахетъхьэ, щыlэныгъэм дэхагъэу хэлъыр нахь зэхарегъашlэ. Ащ иlофшlагъэхэм дунэе, къэралыгъо ыкlи шъолъыр къэгъэлъэгъуаплlэхэр къагъэкlэрэкlагъ. Моделью lэпэlасэм иlугъэлъэгъонэу Юрэ иlэшlагъэхэр зыхахьэрэр сыдигъокlи зэlухыгъ.

*«Джырэблагъэ дэзм къулыкъу щызыхьынэу щыт кlэлакlэхэр, нэбгырэ 20 фэдиз хъухэу, Краснодар къыращыхи музеим къащэгъагъэх. Сигуапэу ахэм сиlэшlагъэхэр язгъэлъэгъугъ. Дзэкlолl шъуашэу коллекцием хэтхэм сынаlэ атезгъэтыгъ, ясщэпlагъэх. Кlэухым «Текlоныгъэм исаугъэт» зыфиlорэ адыгъэ шъошэ пльыжьэу бзыу тамэхэр зыпытыр язгъэлъэгъугъ. Имэхьанэ анэзгъэсыгъ. Тыдэкlи щыlэ заохэр уцужьынхэшъ, мамыр щыlакlэр дунаим тетыныр ситворчествэ сатырэ пльыжьэу зэрэпхырысщырэр къафэсlотагъ. Пачъыхьэ гуащэу Риневус идзэкlолl шъуашэ мэхьэнэ шъыпкъэу иlэм вужырэ хьарыфкlэ къебгъэжьэнышъ, укъызэкlакlозэ укъеджэщт. Ар — «Сувенир»! Джары дзэкlолl шъуашэр дунаим зэрэтетынэу щытыр, сувенир къодыеу ары!»* — **къеlуатэ Стlашъу Юрэ.**

lэпэlасэм ифилософие дзэкlолl шъуашэм къыпкъырэкlышъ, зэрэдунаеу мамырныгъэм феща! *«Илъэсыкlэу къихьащтым тыдрэ чlыпlи щымамырынэу Тхьэм тегъэlу, ащ фэдэу хъуным сыщэгу-*

## СтӀашъу Юрэ итхылъ фэгъэхьыгъ

# ЮНЕСКО-р къыфэраз

Зэлъашӏэрэ сурэтышӏ-модельерэу Стӏашъу Юрэ ынибжь илъэс 90-рэ зыщыхъурэм ехъулӏэу Мыекъуапэ къыщыдагъэкӏыгъэ тхылъыр ЮНЕСКО-м лъыӏэсыгъ.



Адыгэ Республикэм и Правительствэ Ӏэпыӏэгъу къафэхъуи, Адыгеим лъэпкъ Ӏофхэмкӏэ, Ӏэкӏыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряӏэ зэпхыныгъэхэмкӏэ ыкӏи къэбар жъугъэм иамалхэмкӏэ и Комитет, Къокӏыпӏэм и Къэралыгъо музей, Къокӏыпӏэм щыпсэурэ лъэпкъхэм искусствэхэмкӏэ я Къэралыгъо музей и Темыр-Кавказ къутамэ «Через дизайн к миру. В мире мифов и реальности» зыфиӏорэ тхылъыр урысыбзэкӏэ ыкӏи инджылызыбзэкӏэ къыдагъэкӏыгъ.

Стӏашъу Юрэ тхылъыр ЮНЕСКО-м ыгъэхьыгъ. Бэ темышӏэу рэзэныгъэ зыхэлъ тхыгъэ юбилярым къыӏукӏэжьыгъ.

ЮНЕСКО-м ипащэ ыцӏэкӏэ Рикардо де Гемарес Пинто кълтхыгъэм къыщеӏо Ю. Стӏашъум лъэшэу къызэрэфэразэхэр: «Шъуихэлъэгу ыкӏи дунаим культурэ зэфэшъхьафыбэ яӏэу зэрэщытыр искусствэм ипроизведениехэмкӏэ игъэкӏотыгъэу къэогъэлъагъо. Ащ фэдэ зэпхыныгъэ зиӏэ Ӏофшӏагъэхэм цӏыфхэр зэфащэх, гъунапкъэхэр зэӏуахых. ЮНЕСКО-м имурад шъхьаӏэхэм ар ащыщ».

Стӏашъу Юрэ иӏофшӏагъэ, щыӏэныгъэм еплъыкӏэу фыриӏэм афэгъэхьыгъэ тхылъыр шъо зэфэшъхьафхэмкӏэ гъэкӏэрэкӏагъэ. Шъуашэу, тхылъхэу, сурэтэу къыгъэлъагъохэрэр дахэх, узыӏэпащэ. Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо академическэ къэшъокӏо ансамблэу «Налмэсым» иартистхэм Стӏашъу Юрэ ышӏыгъэ шъуашэхэр «къагъэгущыӏэх».

Артистхэм шъуашэхэр ащыгъэу уяплъы зыхъукӏэ, сурэтышӏ-модельерым игупшысэхэр нахь куоу къызэӏухыгъэнхэм яӏахьэу хэлъыр ольэгъу. Шъуашэхэу «Саер», «Адыифыр», «Текӏоныгъэр», «Гекатей ишъуашэ», Михаил Черкасскэм фэгъэхьыгъэ шъуашэр, «Тыргъэтаор», «Нэфылъ бзыур», къушъхьэу «Фыщтым» епхыгъэ шъуашэр, шъуашэхэу «Лащынэр», «Саусэрыкъор», гъобэкъое амазонкэу «Налкъутэр», фэшъхьафхэри гум къылъэӏэсых.

Стӏашъу Юрэ иӏофшӏагъэ къытегущыӏэрэ тхылъым цӏыфыбэ къыкӏэупчӏэ. Лъэпкъ зэфэшъхьафхэу Адыгэ Республикэм исхэр, адыгэу Ӏэкӏыб къэралхэм ащыпсэухэрэр тхылъым еджэхэ, гъэпсыкӏэу иӏэм еплъыхэ ашӏоигъу.

Бэ темышӏэу тхылъыр адыгабзэкӏи, урысыбзэкӏи къыдагъэкӏынэу зэхэщакӏохэм ямурад. *Зэрэдунаеу алъыӏэсыщт тхылъым Адыгэ Республикэм ищытхъу ыӏэтыщт, Стӏашъу Юрэ иӏофшӏагъэ нахь зэлъашӏэщт.*

***САХЬИДЭКЪО Нурбый.***



